ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЬАНДЗРЭ КЫДІОКІ

№108 (21.016) ● 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 1, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Правительствэм

ЗэхъуэкІыныгъэ игъуэтакъым

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрей Хэхъуэхэр бюджетым хуэзщІэгъэуІуэнырэ къызэгъэпэщІныныкІэ, финанс, бюджет, налог дисциплинэр зэрагъэзащІэм кІэтхьыпІныныкІэ комиссиу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм деж щыІэм и зи чэзу зэІуціэр иригъэкІуэкІащ.

АБЫ щытепсэльыхьащ Іуэхугъуитіым: республикэм и предприятхэмрэ организацэхэмрэ икъи мт мазэ ящыІэр сом 3000-м нэсу, нэхъыбэу щыхэгъэхъуныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм налогхэр нэхъыбэу къызэщыщбгъэдэкІхэм налогыр, кІыхьэ нэгъуэщІ ахъщэр тыныкІэ Комиссэм и зэІуціэм къыщащта унафэхэр гъэзэщІа зэрыхъуэм.

ЗэІуціэм зэрыщыжаІацір, республикэм налогхэр къыхэзых и Іэнатіэм къызэритамкІэ, накъыгъэ мазэм и 1-м ирихьэлІэу КъБР-м и предприятхэмрэ организацэхэмрэ мазэм сом 3000 нэхъ гъэхъ мащІэ лэжьапщІэ щІыху мин 15-м нэблагъэм щрат, щІыху зы минным нэблагъэм лэжьапщІэу къаІэрыхьэр зэрыхъуэр сом мин иригъэкІыным. НэхъапэкІэ мызэ-мытІэу кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я Іэтащхьэхэм Комиссэм и унафэхэмкІэ чэнджэщ яритауэ щытащ икъи мт мазэ лэжьапщІэр сом 3000 нэхъ мынэхъ мащІэу предприятхэмрэ организацэхэмрэ я лэжьапкІуэхэм я упахэр хэхъуэгъэ щыхьІэ зэхуэфащэ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІыну. Жьіэн хуейщ абы и лъэныкъуэмкІэ щытыкІэм зэхъуэкІынныгъэшхуэ зэримыгъуэтар. Мы Іуэхуэр нэхъ щыІэзэкІэтІысыжьыгъэ зэрыгъэкІуэкІыну. Жьіэн хуейщ абы и лъэныкъуэмкІэ щытыкІэм зэхъуэкІынныгъэшхуэ зэримыгъуэтар. Мы Іуэхуэр нэхъ щыІэзэкІэтІысыжьыгъэ зэрыгъэкІуэкІыну Налшык, Прохладнэ кьалэхэр, апхуэдэуи Іэущхьэмахуэ, Прохладнэ, Дзэпльхэр районхэр.

Мы гъэм гъатхэпэ мазэм и 27-м Комиссэм и унафэкІэ КъБР-м и бюджет зэгуэтым налог нэхъыбэ зыгъакІуэ предприятхэмрэ организацэхэмрэ 2007 гъэм и мальхьыкъ, накъыгъэ мазэхэм я налог ихьанэ зэхуэмыдэу щытащ. АрэзэщІэ хъунырэ кьиэзэгъэпэщын и лъэныкъуэкІэ жэуап зыхьхэу ягъэуващ кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я администрацэхэр, зыхуэфащэ министерствэхэр. Ауэ нэхъ налогыщхэхэр къызыбгъэдэкІын хуейхэм хуабгъуэ я Іэнатіэмкіэ зэхъуэкІынныгъэ ныкъуэм республикэм и бюджет зэгуэтым зы сом ягъэкІуакъым.

Іуэхум зэрыщыжаІацір, республикэм и лъэныкъуэмкІэ щытыкІэм икІи зэрыпсэпсэльыхьым къызэкІыу Комиссэм КъБР-м налогхэр къыхэзыхьымкІэ и Іэнатіэм, МВД-м, прокуратурэм, Финанс-бюджет кІэлъыплъныныгъэмкІэ федеральнэ Іэнатіэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ, кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я администрацэхэр я гъэсэу зыхуэфащэ организацэхэмрэ предприятхэмрэ лэжьыгъэ щрагъэкІуэкІыну, икъи мт мазэ лэжьапщІэр абыхъэм сом миниищым щІигъу бжыгъэм щынэмысыжьэсэм мурадІэ. Абы къыхэнэмыщІауэ, Комиссэр чэнджащІэгъу хъунущ лэжьапщІэр ведомосткІэ мыхъуу конвертхэм дэлъу ятыну нэхъыбэхъуэр и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэм зрагъэубгъуну икІи налогхэр бюджетхэм гъэкІуэныкІэ щІыхьэ зытетІ, налогым, кьыхах нэгъуэщІ ахъщэр тыным зэпымыууэ зыпІуэцІэ предприятхэмрэ мылькукІэ етхьэкІынну. КъБР-м и бюджет зэгуэтым ягъэкІуэн щхьэкІэ налог нэхъыбэ кьызыбгъэдэкІын хуейхэм мазэ кьэс хуагъэувэ налог кьалэнхэр гъэзэщІа хъуным хузэпэнтІауэ лэжьыгъэм зрагъэубгъуну.

Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ езыхэм я хэхъуэкІмкІэ кьалэныр зэрагъэзащІэм ипкъ иткІэ Іуэхуэр нэхъ щІэзэкІэтІысыжьыгъэ щІыпІэхэм бюджет, налог законодательствэр зэрыщагъэзащІэм теухуауэ лъэныкъуэ псори кьызэщІиубыдэу кьэнщытэнигъэ щрагъэкІуэкІыну Комиссэм кьыхилъхьащ.

Апхуэдэуи КъБР-м Финансхэмкіэ и министерствэм, Экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм пщэрыльэ хуащІащ республикэм и бюджетым кьыхэкІ дотацэхэр муниципальнэ щІыналъэхэм езыхэм я хэхъуэхэмкІэ кьалэныр зэрагъэзащІэр кьэнтытауэ, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я бюджетхэм зэрыштрагъашэ щІыкІэр зохалъхьну.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Дыгъуасэ

ТекІуахэр къатэлъэгъуащ

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуанІэм къыщыхахащ кьалэм и хьэрычтыщІэ нэхъыфІу 2006 гъэм и зэхьэзэхуэм щытекІуахэр.

Абыхэм саугъэтхэр езытахэм яхэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и Іуэхущ Іэхъэлтыкъ Мурат, Налшык и администрацэм и унафэщІэр, хъэрычтыщІэхэр.

ЛІэужьыгъуи 9-кІэ эпеуа Іуэхущ Іанэхэм щыщу текІуаэхэр къыщагъэльэгъуа зэІуціэр зэрекІуэкІам текуа тхыгъэ щхьэхуэ мыгувэу ди газетым тетынущ.

ГЪУЩІЭ Зариф.

Мыкъуанщэу жаІэ

Подполковник Литвиненкэ Александр зэрыпІыкІар зэхэзыхьныным теухуауэ ирагъэкІуэн Іуэхуэм къыщыкІуэ ныкъуэм Москва щыІуащ.

Пресс-конференциям Путовоим щыжиІащ Великобританиеми тІасхъэщІэхэм ядэлэжьэну Березовскэмрэ Литвиненкэрэ къагъэзэуаэу, ардыдэмкІэ езыхьмкІэ псэпсэльыпІаэу.

УФ-м и ФСБ-м и подполковник Литвиненкэ и лІэныгъэмкІэ ягъэхъуанщэ Луговой Андрей трегъэныныкъэ ар мыпэжу иригъэмы къэухъуакІащ и щхьэусыгъуэр а къэралым къыщылъыхьэрапхэу, езым абы хищІыкІыр УФ-м и Генеральнэ прокуратурэм щиІуэтэну хьэзыру.

Президентыщ Іэр дохутырщ

Латвием президент хэхьныгъэхэр щекІуэкІащ. А къэралым и конституцэмкІэ президентыр парламентым хех.

Къулыкъур зыІэрыгъэхьэныр хущІэкъуащ правительствэ коалицэр зыкъуэт, дохутыр Затлерс Валдисрэ нэхъапэм Латвием и конституцэ судым и унафэщІу щыта Энгиниш Айварсрэ.

Хэхьныгъэхэм и пІ кьихуэу дохутыр Затлерс зыкъэмыысыжат и сымаджэхэм ахъшэ кьаІихьу зэрыщытамкІэ. Ар зэрыпэжыр кьыщІагъэща пэтми, президент хъыну зыкъэзыгъэльэгъуам зэрэ хуэхъуакъым. Оппозицэм и кандидат Энгиниш дагъуэ кьыхуагъэтащ - ар зэгуэр коммунист партым зэрыхэтар нэхъыбэм яфІэфІкъым.

Кьапщыта бжыгъэхэм кьызэрагъэльэгъамкІэ, президент кьулыкъур зезыхьэнур Затлерс Валдисщ. Депутат 100-м щыщу абы папщІэ 58-м Іэ яІэташ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, правительствэ коалицэм хэтэ псори абы и телъхьэу кьыщІэкІащ.

Иджыри зы махуэ яІэщ

Зи лэжьэгъуэ пІалъэр дыгъуасэ ихьа Радэ Нэхъыщхьэм иджыри зы махуэ яритащ Украинэм и президент Ющенкэ Виктор. Илэ махуитІым депутатхэм кьахуэщтатэкъым зимычэзу парламент хэхьныгъэр зэрыригъэжьэкІыну законопроектыр.

А Іуэхуэмкіэ президент Ющенкэрэ премьер Януковичрэ щІэрыщІэу зэчэнджащІэу политологхэм ягупат, ауэ Украинэм и лІыщІхэр къэрал Іуэхуэкіэ дыгъуасэ Хорватием кІуащ. КІэлъыплъыныгъэхэм кьызэрагъэпэщ тэмкІэ, апхуэдэ щІыкІэкІэ Ющенкэ зыщІедзэн къэралым кьихъуэ политикэ гугъусыгъуэм.

Смоленск щапхэуэ ягъэлъагъуэ

УФ-м и Правительствэм щытопсэлъыхь къэралым и щІыналъэхэм социально-экономикэ зыужьныныгъэ зэрыщекІуэкІым.

АбыкІэ щапхэуэ ягъэлъагъуэр Урысейм си Іуэхуэхэр щІынэхъыкІэ Смоленск областыр. Апхуэдэу къэрал кьулыкъущІэхэр кьызэрагъэльэгъа федеральнэ налог Іэнатіэм и Іэпсы кІэм зэхъуэкІынныгъэхэр хэлъхьэным пыщІа Іуэхугъуэхэм ахэтхэм ехьэлІамкІэ УФ-м и Правительствэм и деж щыІэ совет зэхэщІэм зэрыхуэфІм. 2006 гъэм и федеральнэ бюджетым теухуауэ УФ-м финансхэмкІэ и министр Кудрин Алексей зэІуціэм кьыщыпсэльащ.

Псы къакІуэхъым

Цхинвал - Осетие Ипщэм и къалащхьэр - тхьэмахуэ хуауэ псынкІащ.

Республикэм и Іэтащхьэ Кокойты Эдуард зэрыжиІамкІэ, ар зэрымыщІэкІэ къэхъуэ Іуэхуэкъым, атІэ Грузием и щІыналъэмкІэ ихьиІ бгъамий псы кІуапІэхэр зыгуэрым ихуэтащ. Ар зэрагъэзэхуэжьыну Іэмал яритыжьыкІащ, куржы ауэрыльэкІэр Іэщэкіэ къаэзрыпэувым щыІэкІыу.

Кьэхъуам теухуауэ Тбилиси зыри щыжиІэркъым, ауэ бжьамийхэр икІэщІыпІэкІэ зэрыщыпсэльащ. Цхинвал Іэмал ябгъэхьэжьащ, Цхинвал Іэныбжьыщхьэ хэхуэнкІэ хъунущ. Зэфэну псыр зэкІэ псыкІуийІхэм ра псыкІэхэхэмрэ пэрах, гъуущ чеишхуэхэмкІэ хьэблэхэм кьыдашэ, ауэ хуабэр градус 40-м кьыщемыкІ щІыналъэм, мин бжьыгъэкІэ щыкІуу щыпсэу кьалэм дежкІэ ар икьукІэ мащІэщ.

НОЫБЭ

◆ Дунейм кьэхутекьащ «Къэбэрдей Пльэукъ» (1921 гъэм), «Адыгэ псальэ» (1924 гъэм) газетхэм я ятІэ кьыдэкІыгъуэхэр.

◆ Урыс классикэ композитор Глинкэ Михаил (1804 - 1857) кьыщыгъуэ махуэщ.

◆ **Дыгъэгъэ кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 27-м, кьуэкъыжьыщ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 44-м.**

◆ **Фімахуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 17-рэ.**

Пліанэрэр зыгъэхьэзырыр **НЫБЭЖЬ Таисэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщім и Апparатым и Информацэ-аналитикэ Центрэ щІэзыгъэгъозагъэ

УФ-м и Къэрал Думэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, Адыгей, Дагъыстэн, Къэрашей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэр-Алание, Шэшэн Республикэхэм кьикІа лІыкІуэхэр, ди щІыналъэм кьыщыдэкІ газетэм, щІыпІэ телевиденэхэм я унафэщІхэр зыхэт «сТІод хъурей» накьыитэм и 28 - 31 махуэхэм Налшык щекІуэкІащ. Абы ахуэдэу Іуэхущ УФ-м и Къэрал Думэм Федерацэ Іуэхуэмрэ щІыналъэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІм и къуэдзэ Нэхущ Заурбийр КъБР-м Шэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ и министр Тут Заурр.

«УРЫСЕЙМ щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуэщытыкІэр щІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я «гъуджэм» якъэзрищым» теухуа упщІэхэр кьыщІэта зэІущІэр къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ УФ-м и Къэрал Думэм Информацэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІм и къуэдзэ **Кармеев Анбир.** «Зыуэ щыт Урысей» партымрэ абы и пашэ Грызлов Борисрэ кьабгъэдэкІыу къызэхуэхъуэм фІы-хьыс яриха, и гъусэу кьэкІуэхэр яригъэщІыхуа нэужь, абы фІыщІэ яхуищащ Урысей Ипщэм и щІыналъэхэм я лІыкІуэхэр кьырихьэлІэу мы зэхуэсыр Налшык кьыщыкъуэгъэзэнащ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІыныр зэрымыщІэкІэ къэхъуа Іуэхуэу зэрыщымытыр, атІэ Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикьум зэрепхар.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Бечелов Ильяс** адыгэ псалъэ щратым, абы хьэщІэхэм захуигъэзащ КъБР-м и Президентым, Правительствэм, Парламентым кьабгъэдэкІ фІэхьыс псальэкІэ икІи лэжьыгъэфІ яІэну ехьэхьхуащ.

- Лъэпкъ щэнхабзэхэмрэ иджырей жылагъуэ гъащІэмрэ я щхьэхэзыгъэхэр кьыуныльытэу политикэ Іуэху ебгъэкІуэжьІ зэрымыхьэнур гуры-Іуэгъуэ ящыхьащІ къэрал кьуэдзэ зыныІэхэм, - кьыхигъащІ абы. - Абы и лъэныкъуэкІэ хьер кьызыпэкІуэ, щыуагъэншІэ къэрал лъэпкъ политикэ егъэкІуэкІыным мыхьэнэщхуэ иІэш, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, жужьей лъэхъэнэм урысей жылагъуэм кьыщыунэхащ Хэкур фІыуэ лъагъуныкІмрэ лъэпкъ зыхъуэмэжьныгъэмрэ телъхьэпІэ ящІурэ щІыху лъагъуныкъуныгъэр, зальмыгъэр, дин зэхуэмыдэмрэ кьызыхэкІа лъэпкъымрэ эн лъабжьэ зэгурымыІуэныгъэ щІалэгъуалэм яхэзышІэ кьару гуэрхэр. Ар гулыитэншІэу, жэуапыншІэу кьэбгъанэ мыхьэну Іуэхугъуэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ лъэпкъ политикэмрэ щІыху зэхьбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ щытепсэлъыхьыным, Бечеловым кьыхихэщащ ди щІыналъэм 100-м нэблагъэ лъэпкъхэм щыщ щІыхуэхэр зэрыщыпсэур, лъэпкъ-щэнхабзэ центру, дунейпсо, щІыналъэ жылагъуэ Іуэхущ Іанэ 20-м щІигъу зэритыр, зыщыщ лъэпкъымрэ зэрахьэ динымрэ емылъытауэ, абыхъэм конституцэ хуитыныгъэхэр зэраІэр, щІэныгъэ лъагъэ зыбгъэдэль, зи Іэщ Іанэм хуэІижь журналистхэм, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм щІыналъэм мамырыгъэмрэ лъэпкъ зэгурымІуэныгъэмрэ щыныкъуэф кьиэзтещэхамэ е кьыршэхэм алынинст щыгъуэщІамэ, телеканал псоми я лэжьакІуэхэр кьызэхуэс. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм зэхущытыкІэ гугъуэхэр къеГъэщІ, щІыналъэхэри абыхэм щыпсэу щыхуэхэри зэпэІэщІэ ещІ, зэхэщІыкІымрэ еплъыкІэмрэ зрегъэхьуэж, щІэ Іей тоІукІ. Ауэ сыт дэ тщІэр нэгъуэщІым теухуауэ? Сыт дэ хэтщІыкІыр ди тхакІуэхэм, усакІуэхэм, артистхэм, сурэтыщІхэм, макъамэтхэхэм я гъащІэм, я творчествэм, я дунейм? Ди жагъуэ зэрыхъущи, мащІэ дыдэщ.

Лъэпкъ зэхуэщытыкІэхэр егъэфІэкІуэным, абы епхауэ екІуэкІ дэтхэнэ зы Іуэхугъуэ щхьэпэрэ щІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я щІыпІыу ящІыным теухуауэ яІэ Іуэху епльыкІэхэр кьаІуэта нэужь, зэІущІэм хэтахэр зыкьтеуВыІащ унэтІныныгъэ зыбжанэм. Абдеж апхуэдэу зэдзэрэзыуэ кьыщащтащ УФ-м и Правительствэм, УФ-м ЩІыналъэхэм яегъэжьныныкІэ и министерствэм, Къэрал Думэм и Федеральнэ Зэхуэсым, щІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ журналистхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ я унафэщІхэм зэрызыхуагъаз ч энджэщхэр.

ЗэІущІэм и кІэуцыу Кармеев Анбир КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс тыгъэ кьыхуищІащ УФ-м и Къэрал Думэр ильэсищ зэрырикъуам и щІыхькІэ кьыдагъэкІа тхыльхэмрэ фэеплъ дамытэрэ.

Щхьэхуэу екІуэкІа пресс-конференцыем депутатхэм жэуап щратащ журналистхэр зыгъэпейтей упщІэхэм. А махуэм депутатхэр яІущІащ Лъэпкъ библиотекэм и лъэжьакІуэхэм, абыхъэм і Іэнатіэ кьызэгъэщІэныгъэ зрагъэльэгъащ, Къэрал Думэр ильэсищ зэрырикъуэм теухуа тхыльхэр тыгъэ хуащІащ. Апхуэдэу ахэр яхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием щекІэ ныбжьыщІэхэм икІи «Студент гъатхэ» фестивальм еплъащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

● КъБР-м и Парламентым

Іуэхугъуэ 20-м щІигъу

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым и зи чэзу зэІущІэм щыхэплъну Іуэхугъуэ тІощым щІигъу кьыхахьащ. Депутатхэр хэпІащІ кІэр зыбжанэм, законопроект 15-м щІигъуи, КъБР-м и Парламентым властым и федеральнэ органхэм зэрызахуигъаз Іуэхугъуэ зыбжанэм. ЗэІущІэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Конституцэ Судым и Унафэщі **Геляхов Абдуллах,** республикэм и КІэлъыплъакІуэ-хьэзыбж палатэм и Унафэщі **Рахаев Борис,** КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ **Чеченов Ануар,** республикэм и Хэкакъуэ комиссэм и Унафэщім и къуэдзэ **Бесльэней Къэралбий.** ЗэІущІэм апхуэдэуи кьрихьэлІащ Президентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу законхэр кьыдэзыгъэкІ органым щыІэ **Къуэпрокъуэ Зальым,** республикэм и прокуратурэм и пэжьакІуэ **Малаев Ксенэ.** ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ Парламентым и Унафэщі **Бечелов Ильяс.**

Парламентым и зэІущІэм кьыщІэта Іуэхугъуэхэр щызэпэкьрыха тхыгъэ ди газетым нэхъ нужькІэ тетынущ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іанэ.

Іэ трегъэдзэныжьмкІэ Урысейрэ мазэгуэмкІ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыхуэзу щІІэ зыхуэтщІхэ!

2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м щыщІэдзауэ и 12-м нэсыху *«Іэ трегъэдзэныжьмкІэ Урысейрэ мазэгуэмкІ»* **ирагъэкІуэкІ 2007 гъэм и етІуанэ ильэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ кьегъэхьныным хуэхахуэ.**

А махуэхэм кьрифыбыдэу Іэ тезыдзэхэм газет, журнал лІэужьыгъуэ псоми хуэзэ пощт Іуэхутхьэбзэхэм я уасэм процент 20 хуКІэрагъэху. "Адыгэ псалъэ" газетыр ильэс ныкъуэкІэ кьахуэкІуэн папщІэ а махуэхэм Іэ щІэзыдзэхэм яІэтащ.

А махуэхэм кьрифыбыдэу Іэ тезыдзэхэм газет, журнал лІэужьыгъуэ псоми хуэзэ пощт Іуэхутхьэбзэхэм я уасэм процент 20 хуКІэрагъэху. "Адыгэ псалъэ" газетыр ильэс ныкъуэкІэ кьахуэкІуэн папщІэ а махуэхэм Іэ щІэзыдзэхэм яІэтащ.

Уасэ нэхъ пудкІэ Іэ щытевдзэ хъунущ пощт зэпыщІэныгъэм и дэтхэнэ къудамэм.

Фи фейдэ зыхэлъыр зыІэщІэвмыгъэкІ. Фигу нэхъ ирихь газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тевдзэ.

● Нобэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

Сурэтыр **КОЗУБ Валерие***трихащ.*

"ФІы фщІэну фыхуэпІащІэ!"

● Псапэ

А къыхуеджэныгъэм щІэту КъБР-м и Профсоюзхэм я Федерацэм и ЩІалэгъуалэ советым Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу псапащІэ концертышхуэ къыщызригъэпэщащ.

НАЛШЫК Музыкэмкіэ театрым щызэхуэсат ныбжьыщІэхэм я кьІуэнур зыхуэдэнум игъэпЕйтей щІалэгъуалэ куэд. Зыкъэгъэльэгъуэныгъэхэм еплъахэр Іэгуаеуэкіэ яІущІащ Къул Амир зи унафэщІуэрэдымкІэ театрым, «Синдхэр», «Каллисто» къэфакІуэ гуп цІэрыІуэхэм, уэрэджьыІакІуэ Хьэцей Тимур, нэгъуэщІхэми.

Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІ Тау Пщыкъан мы Іуэху щхьапэр къыдэзыхьа щІалэгъуалэмрэ концертыр зыгъэбжьыфІа артистхэмрэ фІыщІэ яхуищІащ, дяпэкІи я зэфІэкІым хагъэхъуэну ехъуэхъуащ.

Зыкъэгъэльэгъуэныгъэм къыхэкІа ахъщэр иратынущ Налшык дэт Сабий унэмрэ Прохладнэ кьалэм щыІэ сабий унэ-интернатымрэ.

УЛЬЯНОВЭ Татьянэ.

● Республикэ марафон

Гулъытэ лей зыхуэфащэхэр

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу республикэм закон къыдэзыгъэкІи органым абы и пъэныкъуэкІэ зэфІигъэкІхэм, щІэблэр нобэ зэрыт щытыкІэ гугъуэ и щхьэусыгъуэу къыльытэм, гугъуехьэр къызэнэкІныкмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм топсэльыхь КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэнныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, уэныщагъэр хъумэныкмкІэ и комитетым и унафэщІм и къуэдзэ Адэ Суфэдин.

- САБИЙХЭМ гулыитэ лей яхуэтщІныр балигъхэм ди пщэ зыкьдэхуэ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ. Кьэбгъэльэгъуэмэ, КъБР-м и Парламентым закон 30-м нэблагъэ кьищтащ ныбжьыщІэхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ. Ауэ абыкІэ зэфІэкІырхьым Іуэхуэр. ЦІыху куэдым я гуащІэ зэхалъхьэн хуейщ сабийхэм я хуитыныгъэхэр кьэзыхьуэ хабзэр щытепщэ кьэралыгъуэ дахуэн папщІэ. Япэрауэ, властым и лэжьакІуэхэм а законхэр ягъэзащІу егъэсэн хуейщ. ЕтІуанэрауэ, ар ГьэзащІа зэрыхуну щІыкІэр гурыІуэгъуэфІэу, пэжу убзыхупхъэщ. А мурадхэр кьыщыдэхъуІІэнур, зэгурыІуэу дыщыпсэуфынур сабийхэм я Іуэхуэхэр зэзыгъэкІуэ псоми кьэралым, дуней ем щызекІуэ хабзэхэмрэ законхэмрэ ящІэу, ахэр щІэгъэкъуэн кьащІыфу хъумэщ.

Нобэкіэ сэ нэхъ сызыгъэпІейтейр щІыкІуэр сабий унэхэм зэрыратырщ. КъБР-м ипхуэдэ Іуэхущ Іанэ ІэпІуэ 17 ипщ. Ар щхьэ ди напэм кьедгъэкІуэр? Иджыри кьэс щхьэ кьыдгурыІуэ? Иджыри зы ныкъуэ адэ-анэм ямыгъэгушхуэ сабийм гъащІэр Іэфі зэрыщымыхьуэр?

Ар ди щІыхуэм нэсу зэхащІыкІэр, зи адэ-анэ я нэІэ щІэмытыж щІыкІуэхэр унагъуэхэм кьащтэуэрэ яПІу щытамэ, мис ар Іуэхуэм хэкІыпІэ нэрылъагъу хуэхъунут. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ зы унагъуэ закъэщ ди республикэм исыр (сабиипІІ кьихьауэ ипІу).

Дэ къыптэщытщ сабий зэрыс унагъуэм и пщІэр къэІэтыным хуэзэгъэІэн зэтедгъэувэну. УФ-м и Президент Путин Владимир кьыкІырхьым Іуэхуэр. ЦІыху куэдым я гуащІэ зэхалъхьэн хуейщ сабийхэм я хуитыныгъэхэр кьэзыхьуэ хабзэр щытепщэ кьэралыгъуэ дахуэн папщІэ. Япэрауэ, властым и лэжьакІуэхэм а законхэр ягъэзащІу егъэсэн хуейщ.

Кьэралри дэлэныкъуэгъуэ зэрыхъунур, зыкъуей хуэзэу унагъуэм щапІа сабийр псэкІэ нэхъ кьулейуэ ГьащІэм зэрыгъэбжьэнур щыхуэхъуэм зыхащІэмэ, ди щІэблэм я Іуэхуэр зэрефІэкІуэнум шэч хэлъкъым.

Зытхыжар **НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирщ.**

● Тхылъыщ Іэ

"Іей зыхуэгъэгъум къыхурегъэгъ"

Кинорежиссер щІэрыІуэ Въэрокъуэ Владимир фильм гъэщІэгъуэн куэд зэрытрихам псори щыгъуазэщ. Абыхъэм нэмыщІ, Въэрокъуэм и Іуэхкъэ къыщІэкІащ ди хэкумрэ ди щыхуэмрэ ятеухуа тхыгъэ хьэдэмэтхэри.

ИДЖЫБлАГЪЭ дунейм кьытехащ Въэрокъуэ Владимир и тхылъыщІэ - «Іей зыхуэгъэгъум къахуреГъэгъ» романыр. Адыгэхэр ильэсищкІэ зыхэта Урыс-Кавказ зауэм и хьыбарщ тхыдэ тхыгъэшхуэм купщІэ хуэхъуар. ЗэрыгурыІуэгъэщи, а зауэм и тхыдэ псор кьыдэщІыубыдэрэкъым романым, тхакІуэм апхуэдэ муради иІакъым, ар зы тхылъкІи кьыпхуэІуэтэнкъым.

Тхакіуэм иІуатэр зауэм и курыкупсэм хихьыда зы жылагъуэм и хьыбарщ, а зы жылагъуэм и хьыбарымкІэ Въэрокъуэм ди нэгу кьыщІегъэувэ Урыс-Кавказ зауэм и зэманым адыгэхэр зыхэта гугъуехьхэр, насыпныншагъэр, лъыгъажэр...

Въэрокъуэ Владимир романыр зэритхар урысыбзэкІэщ, ар адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ тхакІуэ Мэзэрыхъэ Борис. Романыр инджылызыбзэкІи Къудей Борис зэридзэкІащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Сабийр гуфІэмэ, мэщІэращІэ щІылъэр

Унэтіныгъэ нэхъыщхьэ

Мэкъуауэгъуэм и 1-р сабийуэ дунейм тетым нэхъыфІ дыдэу ятьагъу махуэщхуэщ. Абы и щхьэусыгыуэхэм ящыщ цыкІухэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхуэгъуэм щыщІидзэмрэ Сабийхэр хьумэным и дунейпсо махуэр щагъэльапІэмрэ ззрызэтехуэр.

ИЛЪЭС 57-рэ ягъэкІэ, 1950 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м, Лъэпкъхэм я Дунейпсо Зэгухьэныгъэм (ООН-м) сабийхэр хьумэным теухуа унафэ щыхьэхуэ кьыщыштагъ щыта. А махуэщхуэр убзыхунымкІэ ягъэ жэрдэм кьыхэзыльхьар Цыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэрац. ІэхэгугъуэщІэр диныгъащ Лъэпкъхэм я Дунейпсо Зэгухьэныгъэм икІи унафэ ящІащ сабийхэм я хуитыныгъэхэр, я узынщагъэр, зеблэмэ я гъашІэр хьумэным гульытэ хуащІын хуейуэ. Езы ООН-мри зэфІихь лэжьыгъэ псомкІи ящыщу сабийхэм ехьэлІар ягъэ игъэщылхьэу кьыпытащ.

Ильэс кьэс мэкъуауэгъуэм и 1-м дуней псом махуэщхуэр щагъэльапІэну унафэ кьащта щхьэкІэ, сабийхэм я Іуэхур хэпщІыкІыу efIакІуэу пхужьІэнутэкьым. Абы кьыхэкІыу Дунейпсо Зэгухьэныгъэм ягъэ щыкІэ Сабийм иІэ хуитныгъэмкІэ Декларацэ, иужькІэ, 1979 гъэм, Конвенцэ щхьэхуэ кьищтащ. Ахэр ди кьэралым кьышилыстар илъэс 11 дэкІа нэхъыщІ. Абы лъандзэрэ блэкІа илъэсхэм сабийр зэрызэгуфІыуэм я псэухІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зыужьынныгъэ гуэрхэри игъуэтащ, арщхьэкІэ уимыгъэпІейтейуэ кьанэрыкьым кьэралым и хьугъуэфІыгъуэ нэхъыщхьэм - сабийхэм - я нэхъыбэм узыншагъэ быдэ зэрамыІэм. Дохутырэхэр хуабжьу ирогушэвэ, псом апэрауэ, сабий кьалъхуагъащІэхэм я Іыхьэ щанэм фІэкІа узыншэу дунейм кьыхэзырегъмыкъым. Кьэралпсо сабий диспансеризацэм ильэсхэм ерагъыгъэ зэмкІэ, Урысей Федерацэм идкьыпсту сабий мелуан 35-м щигъу щопсэури, абыхэм я процент 70-м я узыншагъэм сэкъат иІэщ. Сабий мелуаным щигъум я псантхэм зэхьуэжьІынныгъэхэр иІэщ.

Аращ УФ-м и Президент Путин Владимир Федральнэ Зэхуэсым зыщыхигъаззэм, кьыптІэхуэ щІэблэм ельэлІа Іуэхугъуэхэр кьэралмыхьэнэ зиІэ унэтІныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу кьыщІильытар. Абы кьыхэрыхигъэщамкІэ, сабийуэ я кьалъхуэ мэхьыкъэмэ, Урысей Федерацэм лъэпкъ кІуэдыр кьыхуэкІуэнкІэ эныхуэІуа щыІэкьым. Президентым кьыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткІэ, Іуэхугъуэфі куэдым щэдзакІэ тэмэм ягъуэтащ. Мы илъэсым и пщІондэ зэфІдзэрэ сабий зыпІ анэм мазэ кьэс 700-м кьыщыщІэдзауэ сом 1500-м нэс ират. Епуцаэ сабий зэзыгъэнъуэхэм апхуэдизкІэ сом 3000 ират. КьинэмыщІауэ, сабий ефІуанэ (ещанэ) кьызыхъуэ унагъуэхэм сом мин 250-рэ зэрыль счет щхьэхуэ я кьэралым кьахуэзыІу ек. Ар трагъэкІуадэ хьунущ псэупІэ зиІэ кьэщэ хуным е сабийм щэныгъэ егъэгъуэтыным.

Сабийм и узыншагъэр псом япэ абы и анэм зэрельытар фІыуэ кьызыгурыІуэ кьэралэ унафэщхэм уэндзгъуэ зиІэ бзыльхугъэхэм я узыншагъэр хуэмэным гупльэ лей хуэщІ. Абы хуэунэтІащ илъэси 2-м нэсауэ абыхэм кьагъэсебэп сертификат щхьэхуэхэр.

Апхуэдэу гульытэншэ хьуркъым зеиншэхэмрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ, унагъуэ мыхьумышІэхэм кьаХэкІ сабийхэмрэ балигъхэм я кІэльыплъныныгъэм щІэмытхэмрэ. Абыхэм ящыщ хуэд унагъуэ щхьэхуэхэм пІальэкІэрэ эрашалІэ е бын пэльытгъуэ яІащ. Абыхэм ящыщ щІэгъэкъуэн яхуохьу ар зи пщэрыльхэ кьэралІуэ Іуэхугъуэхэм.

Зи щхьэ пщІэ хуээщыщьыкІ дэтхэнэ кьэралмрэ я зэІуэзэпсщиныгъэр кьэзыгъэльагъуэр абы сабийм ящыщ щалэ пщІэрщ. Апхуэдэ гульытэр нобгъ нэрыльагъу щыхьэ зэманщи, ди кьэкІуэнуэр езыгъэфІекІуэн фІыгъуэ кьытхуэдэкІуэну дыщыгугъынщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

●Щапхъэ

Зэгурыіуэр мэунэ

Сыныхуэха унэщхуэм и Іэшэлъашэр апхуэдизкІэ кьабзэти, сызытеуви щІым сыныхуэхьІ-пэуэр сриКІуэрт. ПщІантІэ хуитыщхуэм щыджэгу сабийхэм я макъжьыкІуэр макъамэр дахуэ кьэІуэрт. Бахъсэнкъаэ дэт 3-нэ прогимназием щеджэ щыкІуэхрат щІыбым зыщызыгъэпсэхуэр. Куэдкъэпсм узыщрихьэлІэ кьабзагъэмрэ щхьэуанІагъэмрэ кьыщащэхуэдэ, кІэлыцдрэмиуд зэмыдІуэхьыкІуэхэр щегъэувэ-кІащ.

ГУАПЭУ кьыспежьащ прогимназием и унафэщІ Зеущэ Людмилэ икІи Іуэхущапіэм сытетхыхьыкІи мурад сиІэу сызэрыкІуар щыжеІэм, сигъэщІэхьуакъым - я лэжьыгъэм, псоуэкІэм щыгъуазэ сищІащ.

- Зэманыр зыхуэдэр къэпльытмэ, гугъу дехьу, дызыхуэят дыхуэмызэу схужьІэнукъым, - жеІэ Людмилэ. - Ди Іуэхущапіэм сабий 365-рэ къокІуаІІэ. Нэхъыжьыбгуэхэр пэщІэдзэ классищым щІэсщ, школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысахэр гупи 10-у гуэщ. ЦыкІуэхэм ядолажьэ егъэджакІуэу, гъэсакІуэ 75-рэ. Абыхэм ящыщу я щІэр кьысІуэну сыхуейт си дэІэпыкъуэгъу нэсхэу Бещто Маритэрэ Бжэныкіэ Таисэрэ. Апхуэдэу кьыхэзгъащІами ярейуэ, куэд щІауэ я Іуэт Белостоцкая Татьянэ, Мизандрощеевэ Маргаритэ, пэщІдзэ классхэм я егъэджакІуэ Джэрыджэ Раисэ, Шашловэ Наталье, Джэрыджэ Джульеттэ, Хьэжмэт Жанеттэ, Мэздугу Ямыдэ сымэ. Мы прогимназиер кьыззрыззІуэрэ сабийхэм я узыншагъэм кІэльоупІь Елмэс Светланэрэ Доткъуэ ХьэІишэтрэ. Зы пщэдджыжь къэмынэу абыхэм кьапщытэ сабийхэм я Іуэху зыІутыр. Зи щхьэр зи жагъуэ яхэту гу лъатэмэ, пэш щхьэхуэм яшэри, абы щыкІэльоупІь. Апхуэдэу диІэщ массаж щапІ, физиотерапевтическэ кабинетхэр, дзэм щеІззэ пэш, изгъэущІхэри. ЦыкІуэхэм я узыншагъэмкІи сэбэпу, езыхэми яфІофІу прогимназием щыІэщ ильэс псом зыщагъэпсэкІ бассейнщ.

Сабийхэр щыджэгу, щышэ, щыжей пэшхэр кьабзэщ, нэхуф икІи хуитщ. Абыхэм нэхъ щІэщыгъуэу щыщІапІагъуэнущ тхыдэм хуэхэа пІанэпэхэр. Хэкум и кьэкІуэкІыкІам ущызыгъэгъуазэ, ди лъэпкъым кьыхэкІа ЛІы хахуэхэр уэзыгъэщІыкІ, адыгэм и блэкІамрэ нобэмрэ зэпызыщІэ хьыбархэм укъыщоджэ пІанэпэ щхьэхуэхэм.

- Мы пІпагъу псори ди лэжьакІуэхэм я ІэкІэ ящІащ, - жеІэ Людмилэ, а Іуэхум зэрырипагэм гу лыпытэу.

Зыхуей псомкІи зэщІэуэздауэ адэкІэ кьыщытщ экологиемкІэ пэшыр. Абы удз эмыльІужьыгъуэу щызэхуэхьсар гупыкІыгъуейщ къэбгъанэу укъыщІэкІыжьыну. Спортым хуэхоа пэшри хъарзынэу кьызэгъэпэщащ.

- А псори зи фІыщІэу кьэслъытар сыт хуэдэ Іуэхурэ кьыздэмыІыгъ, гурэ псэкІэ зи Іэнатіэм пэрыт лэжьакІуэхэщ, - жеІэ Зеущэм. - Сыт хуэдэ Іуэхуми и зэфІэхыкІэ хъунур жыджэру кьагъэуту, сабийхэм я пащхьэ щахь жэуапльныгъэр нэсу зыхащІэу кьыздолажьэхэ ТхьэкІумащІэ Лидэ, Къуртырбей Натусэ, Бэш Мельхъан, ГъукІэ Альбинэ, Огулий Анжелэ сымэ. Псом ящІэщыпхъэу кьыщыоху щІыкІуэхэр ерыскъы гурыхьІ, щыхьагъуэ щІэщагъэу кьыздолажьэхэ ТхьэкІумащІэ Лидэ, Къуртырбей Натусэ, Бэш Мельхъан, ГъукІэ Альбинэ, Огулий Анжелэ сымэ. Псом ящІэщыпхъэу кьыщыоху щІыкІуэхэр ерыскъы гурыхьІ, щыхьагъуэ щІэщагъэу кьыздолажьэхэ ТхьэкІумащІэ Лидэ, Къуртырбей Рузанэрэ Доросенко Еленэрэ. ЩІэгъэкъуэныныхуэу кьыткуохьу мыбы кьекІуаІІэ сабийхэм я адэ-анэхэри.

Псори зигурыІуэрэ зэдэІэжу зэрызэдэлажьэм и щыхьэтщ районым, республикэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм прогимназием щыщ сабийхэм папэныгъэхэр кьызэрыщащхьыр, зэщджаКІуэхэм я лэжьыгъэр Урысей псом кьызэрыщалъытэр.

Пэжщ, Іуэхур зэрыдэкІыр куэдкІэ елытащ унафэщІым и Іуэху бгъэдыхьэкІэмрэ абы и жанагъымрэ. Людмилэ зи унафэщІ прогимназием и лэжьакІэм хьибольагъуэ ар езыри зэрыІэщІагъэлІ нэсыр, гумызагъэу и Іэнатіэм зэрыпэрытыр. КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкІэ Бахьсэн район администрацэм и къудамэм, кьалэ, район администрацэхэм кьабгъэдэкІыу Зеущэм кьыхуагъэфэща щІыхь тхыдъхэм я бжыгъэр кьыпхуэмылытэным хуэдизщ. Ар УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, лэжьыгъэм и ветеранщ.

Унагъуэ дахи иІэщ Людмилэ. И гъашІэм щыщу ильэс 34-рэ щІэблэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным хуэзыгъэпса егъэджакІуэр анэ гумащІэщ, анэщхуэ Іущабэщ, унэгуащэ щыпкъущ.

Людмилэрэ и щхьэгъусэ Хьэмидрэ бынитІ зэдапІащ, ахэр хабзэмрэ нэмысымрэ я Іэпэгъуу ягъэщ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэтауэ дахуэ мэпсэу.

ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людмилэ.

(Сурэтхэр 3-4-нэ напэхэм тетщ.)

«Дыгъужьыжьым и кІуэдыкІар» пьесэ щыкІым сабийхэр дахэу щоджэгу.

●Дифі догъэльапіэ

Псэр къулей зыщІ гъэсакІуэ

Иджырей зэманым гъэсэныгъэм и Іэнатіэм зэхъуэжьныныгъэфІэкІэ кьыщыхъуу хуежьащ. Щы-кІуэхм я дуней еплъыкІэр убзыхунымрэ гупсысэкІэр зэмэму зытегъэувэнымрэ ІэшІагъэу кьыхэзыха гъэсакІуэхэр псом хуэмыдэу йолэжь ахэр хэкупсэу кьэгъэ хъуным, пъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэгуанэмрэ я лъабжьэхэр сабийпсэм зыхегъэщІэным. Куэдым кьызэратыгъэмкІэ, абы уахуэ зыщІэ ІэмалыфІхэм ящыщщ гъэсапІэ Іуэхущапіэхэм сабийр театр щыкІуэхэр кьыщызэгъэпэщынымрэ. Апхуэдэ унэтІныгъэщ и гъэжьыгъэм нэхъыбэу кьыщигъэсебэпыр Парткьалэ дэт НШДС №14-м екІуалІэ щыкІуэхэр адыгэбзэмкІэ езыгъаджэ, пъэпкъ хьэл-щэным щІэзыпІыкІ гъэсакІуэ Іэкіуэтьакіуэ Анимокъуэ (Бжьыхьэпі) Мадинэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и нэхъ жылэшхуэхэм ящыщ зым - Зекиуэ - кьыщащхьуа бзыльхугъэ щІыкІуэр ІэшІагъэ ящынэм зэрыщІыкІуэр щІэхуэпсыкІэр. Хьэблэм дэс сабийхэр джэгуну зэхьыхьамэ, абы сыт щыгъуи «кьыпльысырт» жауапльныгъэ зыпІыпІь пэжьыгъэр - гъэсакІуэр, ущиякІуэр. Курыт еджапІэр екъулІэныгъэкІэ кьызэриухыу Мадинэ Палшык дэт педучилищэм пъэпощхьэпоуншэу щІэтІысхьащ икІи сыт и лъэныкъуэкІи жыджэрагъ хэпъэ хэпъэт иІэу еджащ.

Абы лъандзэрэ ильэс 23-рэ блэкІащ. АпхуэдизкІэ хуауэ Мадинэ щолажьэ Нарткъалэ дэт сабий сад №14-м. Сабиипсэр гъэдэхэныр, нэхъ кьуелий щыныр зи кьалэн нэхъыщхьэу кьэзыльытэ гъэсакІуэм псэемыблэжу ирехькІи и Іэнатіэр.

- КьыттщІэхъуэ щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэмрэ гупсысэкІэ дахэрэ яІэу кьэгъэтэджыныр псом я щхьэщи ди Іуэхущапіэм и Іэщагъэлі-хэм я дежкІэ. Щыхум и хьэлщэн нэхъыщхьэхэр щыізэтеувэ лъэхъэнэр сыткІи нэхъ кьлейуэ, зэхуэмыдэу, щапхьэфІхэр щыбей зэману щытын хуейщ, жеІэ Анимокъуэм. - Кьыхэзгъэщынуськуеят, сыт хуэдэ ІуэхугъуэфІри кьыддиІыгъэр икІи щапхъэ кьытхуэхъуу ди сабий саДмэ и унафэщІ Хьэлышх Лидэ дяпэ зэритыр. Ар кьызэгъэпэщакІуэ хьэлэмэтщ, лэжьакІуэ гумызагъэщ, щІыхь щыпкъущ.

Мадинэ зэрыжиІэмкІэ, сабий гупсысэр лъагъуэ захуэм тегъуэвэныр зы сыхьэткІэ е зы махуэкІэ зэфІэпхыфын лэжьыгъэкъым. Ар хуэм-хуэмууэ щІыкІуэм захебгъэльхьэф хьэл-щэнхэм кьадзкІуэ фІыгъэщ. Абы и лъабжьэщ щІыкІуэм кьэзыхьурениХь дунейр, абы и дахагъэмрэ кьулеягъэмрэ егъэщІыкуныр, кьэзыльхуахэр, кьыдалъхуахэр, я ныбжьэгъу щІыкІуэр фІыуэ ильагъуэу, пщІэ хуащІу кьэгъэтэджынщ. А мурадхэр кьехъулІэн папщІэ, Анимокъуэм Іэмалыфі куэд кьегъэсэбэп. План хэкам тету, сабийхэм я ныбжьр зэхэщІыкІрэ епльитауэ, гъсакІуэм кьызэрегъэпэщ дакьикъэ 20-30 нэхьрэ нэхъыбэ зримыгъэкъ зэІуІэ купщІафІэхр. Апхуэдэ дерсхэм и кІуэцІкІэ Мадинэ щыкІуэр щыгъуазэ ещІ ахэр щалъхуа Кьэбэрдей-Балъкъарым и дахагъэмрэ кьулеягъэмрэ. Ди щыналъэм и щыІэпс бейр, абы и псэущхьэ гъэщІагъуэнхэмрэ кьэкІыгъэ хьэлэмэтхэмрэ кьызэхэщ рассказ щыкІуэр, усэкІэ щІэх-щІэхыурэ щоІу Анимокъуэм и дерсхэм. Апхуэдэу ар щыкІуэм яхутоплъэпсыхьэм щхьэкІэ Хэкум и щІыхь щэджащэкъм, лІыхъужьныгъэкІэ, гуащІэдэкІ лэжьыгъэгъэкІэ щІэрыІуэ хъуахэм, Іуп нэхъыжьхэм екІуалІэ сабийхэм адыгэбзэ хъэрфыльэр ярегъащІэ, тхэн-бжэным и щхэхуэр яхузэІуех.

Сабийхэм я ІэпщІэльапщІагъэм зиужьын папщІэ, гъэсакІуэм егъэлажьэ «Дыщэидэ», «Лъэпкъ уагъэхэр» гупжьейхэм хэт щыкІуэр Іэпщэльапщэщ.

- Сабийхэм я Іэпщэльапщ-Іагъэм зиужьын папщІэ, гъэсакІуэм сегъэлажьэ «Дыщэидэ», «Лъэпкъ уагъэхэр» гупжьейхэр. Апхуэдэу Анимокъуэм и зэфІэкІ хІелъхьэ адыгэ хэбзэкІэ хэр екІуу Іуэрыуным, сабийхэр абы-захебгъэльхьэф хьэл-щэнхэм кьадзкІуэ фІыгъэщ. Абы и лъабжьэщ щыкІуэхэм кьэзыхьурениХь дунейр, абы и дахагъэмрэ кьулеягъэмрэ егъэщІыкуныр, кьэзыльхуахэр, кьыдалъхуахэр, я ныбжьэгъу щыкІуэр фІыуэ ильагъуэу, пщІэ хуащІу кьэгъэтэджынщ. А мурадхэр хэтщ гъэсэныгъэр егъэфІэкІуэным ехьэлІауэ куейм щекІуэкІ зэпІуІэхэм, семинархэм, и Іуэху зехьэкІэкІэ гъэсакІуэ ныбжьыщІэхэм ядэгугашэу, щапхъэ яхуэхьуу.

А Іуэрмарэм кьудамабзу екІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэпкъльхьэ щыджэгу сабий театр епль кьудейкъым, атІэ езыхэми я зэфІэкІ щагъэльапІэуэ абыхэм папщІэ кьызэрагъэпэща театр мыныМ и утыкум.

- Дауи, ди театр-студие щыкІуэм хэт сабийхэр псори зэхуэдэкъым: хэ ти «джэкІуалІуэ хьэзыру кьыаІъхуащІ жыхуаІэм хуэдэщ, утыку ящыкІуэм хуэдизщ джэгу аращ. Ауэ щыхьыкІэ, апхуэдэ щыкІэкІэ сабийм и гупсысэм зеуэж, и кьэухьыр нэхъ кьулей мэхъу, псэлъэкІэ щэрыуэмрэ зыныгъыкІэмрэ иосэ.

- Спектакль щыкІуэр бгъэувын папщІэ мылькъушхуэ зыитекІуадэ хьэпшыпхэр уиныдІэмэ мэхъу. Ныджэгуфхэм ди ІэкІэ дощыж ди артист ныбжьыщІэхэм я фащэхэр, щыкІуэхэм утыкум кьрахьэ хьэкъущыкъу гуэрхэр, нэгъуэщІхэри. Псом нэхъри нэхъыщхьэр - лэжьыгъэм гукъыдэжкІэ ухуиІэныгъ. ИтІанэ сыт хуэдэ кьызэрыгуэкІ хьэпшыпри таурыхьым кьыхэкІа теПъыдж гъэ пхуэщІынущ: - ар хуэдэу иогупсыс Анимокъуэ.

ИкІи ар пэжщ. Зи Іэщ-Іагъэр фІыуэ зыльагъуэм, ар гъашІэ гъуэсэу зыльытэтэ дэтхэнэ зэкІэмкІи псэм зыпэрыт Іэнатіэм псэщІэ хельхьэ, ар иригъэфІакІуэу ирехьэкІ.

ТАМБИЙ Ланэ.

«Дыщэидэ», «Лъэпкъ уагъэхэр» гупжьейхэм хэт цыкІуэхэр Іэпщэльапщэщ.

Лъэпкъ нэщэнэхэм я пІанэпэ.

● Ди псэльэгъуэхэр

ХІэдзкІэ Іэнуси Щэблэм и Узыншагъэр псом я шхьэщ

***Школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм, гъэ ебжэгъуэ кьезыкьэлІа ныбжьыщІэхэм я Іутіыж лъэхъэнэр - гъэмахуэ зыгъэпсэхуэгъуэ мазэхэр - късеад. Мэкъуаузгъуэм и ятІ мэхуэхэм кьыщыщІэдзауэ сабийхэм я нэ кьыхуоф зыщагъэпсэхуф, я узыншагъэр щрагъэфІакІуэм Іуэхущапіэхэм кІуэну. ЦыкІуэхэм я хъуэпсапІэр къехъулІэн папщІэ куэд зэфІагъэкІ ар зи пщэрыльэ къэрал Іуэхущапіэхэм. Республикэм и санаторэхэр, пансионатхэр, къэмахуэ лагерхэр зыгъэпсэхуагъуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзыр зэдгъэщІэн мурадкІэ, ёз зыхуэдгъэзащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ зэрагъэфІакІуэм и Министерствэм и Профсоюзхэм я федерацэмрэ мэлыжьыхьым и пащІондзэхэм зэщІатъуэгъуэ щыпаш. Абы ипкъ иткІэ сабийхэм я зыгъэпсэхуГъуэ зэманыр тэрэзу ежьакІуэкІыныр зи пщэрыльэ республикэ комисси ябзыхуэщ.**

Мы гъэмахуэм республикэм щылажьэнущ сабийхэм зыщагъэпсэхуэн, я узыншагъэр щрагъэфІакІуэн Іуэхущапіэ 270-рэ. Абыхэм ящыщу 220-р курыт еджапІэхэм кьыщызэІуахынущ. Апхуэдэ махуэрылажьэ лагерхэм кьащтэнрэ бюджет Іэнатіэхэм порыт адзанэхэм я бынхэрщ. КьинэмыщІауэ, сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІакІуэнущ кьалэ щыбым щылажьэ лагерь 50-м. Абыхэм хохьэ «Налшык» курортымрэ профилакторэ зэмыпІэжьыныгъэхэмрэ я санаторэ Іуэхущапіэ 14, республикэм и бынтІэ щІыпІэхэм щыІэ альплагерхэр, пансионатхэм, турбазэхэм щылажьэну спорт лагерэ 21-рэ.

Сабий минхэр здекІуэпІэну зыгъэпсэхупІэхэр зэкІэ зыхуей хуагъэзащ, уз зэрыщІапІэхэр кьэмыхьеин папщІэ Іэхьэшъэ пыухыкІэхэр щрагъэкІуэкІащ. Апхуэдэ Іуэхущапіэхэр кьапщылъ республикэ милицэм и лъэныкъуэу 1000-м. Апхуэдэу хабзэхэр хьумэным кьежьэпІа хьунущ щІыхьэ дружинхэм. Сабийхэр здрикІуэну гъуэгуфэм пост щхьэхуэхэр тетынущ, ахэр кьезыщэжыну транспортыр техникэ кІэлъыпІныныгъэм пхыкІаУэ щытынущ.

Зи гугъу тщІа Іуэхугъуэ псори зыхуэунэтІар зыщ: щІэблэ узынщэ кьытщІэхъуэныщ, абыхэм сабийгъуэ насыпифІэ яІэныщ.

Епсэльар **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

●Школ хъыбархэр

Уузыншэмэ, си еджапІэ!

Налшык кьалэ дэт 61-нэ сабий гъэсапІэ-пэщІэдзэ еджапІэм 2007 гъэм еплІанэ классыр кьыщызыух цыкІуэм гуфІэгъуэ пшыхь кьыхуэзрагъэпэщат. ЕджапІэр кьзэныухэри, гуэзу махуэ теувэну абыхэм ехъуэхъу ныкІуэхэри нэжэгужэу щызэхэсат макъамэмкІэ пэщышхуэм.

Зым нэхърэ адрейр нэхъ щІэращІэу кьеувэкІа цыкІуэхэм уэсхэр, уэрэдхэр жаІащ, гушыІэ теплъэгъуэхэр кьагъэльэгъащ, джэгуащ икІи кьэфащ. Абыхэм фІыщІэ хуащІащ илъэс зыбжанэкІэ зи нэІэ щІэта гъэсакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ, адэкІэ зыщІэтІысхьэну школми ехъуІэныгъэхэр кьагъэщІащ езыгъэджакъэри, пшыхьым кьрихьэлІа адэ-анэхэри.

ШЫПШ Даянэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

Гущэкъу уэрэд

Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Уафэм кьэрыщІащ.
Багъуэ цыкІуэхэр щыгъуэ
Зэбгрыщэщащ...
Жэщыр щІыхь дахащэу
Іупхъуэм кьызэпхощ,
Уэри мыщІэ цыкІуу
Гущэм укъыхощ.

Жей, си Іэфі, си фІыгъуэ,
Жей, си гурыфІыгъуэ,
Си къудамэ цыкІуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цыкІуу
Къыхэжа!

Сыт ущІемызэгъыр,
Си гуфІэгъуэ щэху?
Щабэщ уи гущапІэр -
Тышу зыгъэпсэху.

Жей, си дыщэ кІанэ,
Жэщыр зэгъэжащ.
Сэ уи уэрэд цыкІум
Къытезгъэзэжащ.

Жей, си Іэфі, си фІыгъуэ,
Жей, си гурыфІыгъуэ,
Си къудамэ цыкІуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цыкІуу
Къыхэжа!

Жей, зи насып псыпэм
Псышхуэ иригъэн,
Гъэ зэрытехьэххэу
ЛъапэкІэ зежэн.
Жей, си фІыгъуэ закъуэу
Нэхульэфі кьыскъуекІын,
Сэ гуфІэгъуэ нэпсхэр
ЗыхущІэзгъэкІын.

Жей, си Іэфі, си фІыгъуэ,
Жей, си гурыфІыгъуэ,
Си къудамэ цыкІуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цыкІуу
Къыхэжа!

Гъуджэм,
зыгъщІбгъэпщкІуу,
Хьумэ уиплъэрей,
Сэ пхуэсщІынкъэ
Тыгъэу
ЦыІэ псом я лейр:
Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Къыпхуэсльыхъуэжьынщ,
Багъуэ щыгъэ цыкІухэр
Къыпхуэсщыпыжьынщ.

Жей, си Іэфі, си фІыгъуэ,
Жей, си гурыфІыгъуэ,
Си къудамэ цыкІуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цыкІуу
Къыхэжа!

Сурэтхэр 3-4-нэ напэхэм тетщ.